



# Sèvis sosyal: Sipò pou travayè ki sibi domaj yo ak fanmi yo



**Workers' Compensation Board**

Lè yon travayè sibi domaj poutèt yon aksidan ki gen rapò ak travay li oswa yon maladi ki gen rapò ak pwofesyon I, sa ka boulvèsan pou li menm ak fanmi I. Non sèlman I ap awfonte doulè ak difikilte ki vini ak andikap la li menm, efè yo tou ka katastwofik sou plan finansye ak mantal. Nou ka ede!

Konsèy Konpansasyon Travayè [Workers' Compensation Board] (Konsèy) Eta New York la gen travayè sosyal ekspè ki lisansye (licensed master social workers, LMSW) ki disponib nan tout biwo distri yo pou bay travayè ki sibi domaj yo asistans gratis e konfidansyèl. LMSW nou yo ka ede ak pwosesis reklamasyon konpansasyon pou travayè a epi ak obstak finansye ak emosyonèl ki ka retade yon retou nan travay.

## Ekip LMSW Konsèy la ki trè kalifye ak konpetan anpil:

- Defann travayè ki sibi domaj yo fas ak pwofesyonèl swen sante yo, konpayi asirans yo, konpayi ipotèk yo, pwopriyetè kay yo, konpayi sèvis piblik yo ak kreyansye yo.
- Bay referans pou abri ijans, bank alimantè, avantaj nitrisyon/chofaj, etablisman swen enfimye/asistans pou viv, pwogram lit kont alkòl/dwòg ak lòt resous.
- Ofri konsèy pou yon tan ki kout epi facilite koneksyon ak ajans kominotè/sante mantal yo.
- Jwenn pwofesyonèl swen sante yo epi kontakte konpayi asirans yo sou kesyon tretman ak avantaj pou ede avèk reklamasyon konpansasyon pou travayè yo.
- Ede aksede ak avantaj Sekirite Sosyal, Medicare ak lòt avantaj.
- Distribye korespondans ki gen rapò ak reklamasyon, avantaj ak sèvis.
- Evalye fòs ak kapasite yo epi fè patenarya ak konseye pou reyabilitasyon pwofesyonèl Konsèy la pou ede travayè ki sibi domaj yo retounen travay avèk siksè.

## Sa ou dwe konnen si w gen yon domaj oswa maladi ki gen rapò ak travay:

Swen medikal pou domaj ou genyen ki gen rapò ak travay se yon avantaj pou lavi.

Travay avèk pwofesyonèl swen sante w pou jwenn otorizasyon pou travay.

Kominike restriksyon medikal ou yo bay patwon w pou jwenn opsyon travay ki nan limit kapasite w yo.

Si w gen yon andikap, ou ka mande patwon w lan pou yon akomodasyon ki rezonab pou w ka retounen travay.

Si w retounen travay pou yon salè ki pi ba poutèt domaj ou sibi ki gen rapò ak travay, ou ka byen resevwa avantaj pou konble diferans la.

Patwon yo pa gen obligasyon pou yo kenbe travay ou pou ou. Kenbe kontak ak patwon w sou estati travay ou.

Si ou ka travay men ou paka retounen nan travay ou a, ou ka oblige chèche travay nan limit restriksyon w yo.

Ou ka gen dwa pou jwenn konje ki pa peye atravè Lwa sou Konje Familyal ak Medikal (Family and Medical Leave Act, FMLA) federal la.

Diskriminasyon toujou entèdi!

Pou plis enfòmasyon, ale sou [wcb.ny.gov/socialservices](http://wcb.ny.gov/socialservices), voye yon imèl bay [SocialWorkers@wcb.ny.gov](mailto:SocialWorkers@wcb.ny.gov) oswa kontakte Konsèy la nan **(877) 632-4996** epi mande pou "social work assistance" "(asistans pou travay sosyal)." Gen sèvis asistans nan lang ki disponib gratis. Tanpri, pare pou w bay non w, nimewo telefòn ou, nimewo dosye WCB a ak yon deskripsyon pwoblèm nan lè w kontakte nou. Tout sèvis sosyal yo gratis, konfidansyèl epi disponib pou tout travayè ki sibi domaj.

**SIPÒ NAN MOMAN KRIZ:** Èske w nan yon moman kriz, ap eksperimente detrès emosyonèl oswa gen enkyetid pou yon moun ou konnen? Rele oswa **voye yon mesaj tèks nan 988** oswa kominike atravè tchat sou [988lifeline.org](http://988lifeline.org). Resous sa yo disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7.